

## ENSTRIKSYON POU LÈ OU RESEVWA ODINATE KI VINI NAN BWAT

Bonjou e byenveni . Non pam se Julia Hilburn e mwen se yon espesyalis sipò nan teknoloji pou Lekòl Piblik St. Lucie.

Lè ou te al pran bwat òdinatè ya, ou ta sipoze resevwa yon papye ak enstriksyon pazapa . Si a nenpòt ki moman ou pèdi panda Videyo sa, ou kapab peze sou bouton ki di **“Pause”** oswa siv enfòmasyon sou papye yo baw la

Pou ou kòmanse sèvi ak òdinatè yo prete ou la,premyèman, retire li nan bwat la. Andan bwat la, wap jwen, yon **“laptop”** ak kòd pou chaje li. Le ou fini retire tout sak nan bwat la, ploge òdinatè nan kouran. Li rekòmand pou w chaje òdinatè avan ou sèvi ak li.

Louvri kouvèti laptop la epi jwenn bouton pou limen aparèy la. Li rele **“Power”**

Le aparèy la limen, chwazi **“United States”** pour rejyon wap viv la epi peze sou **“yes”**.

Nan pwochen paj li prale ouvri pou ou wa , chwazi **“US”** pou klavye /keyboard la epi peze sou **“Yes”**.

Nan pwochen paj kap parèt la, lap mande w pou ou chwazi ajoute yon lot klavye/keyboard, ou pa bezwen fè sa. Peze sou **“Skip”**.

Na pwochen paj, yap mande w pou ou konekte òdinatè ya ak entènèt **“wifi”**

Chwazi aksè a entènèt/wifi ke ou genyen Asire ou ke ou chwazi koneksyon otomatik. Fòk ou peze sou ti kare ki bò **“Connect Automatically”** apre, peze sou **“connect”** Antre modpas entènèt ou wa epi peze **“Next”**

Yap mande ou si ou ta renmen lot aparèy lokalize aparèy pa ou wa. Nou rekòmande w pou di wi. Peze sou **“yes”**.

**Odinatè** ou wa pral konekte ak **Inture, St. Lucie Public Schools cloud-based service**. Pwòsesis sa ap pran tan; pnga ou fèmen òdinatè ya oswa deploge li pandan tan sa. Odinatè ya pral rekòmanse poukònt li.

Apre ke òdinatè ou wa relouvri poukònt li, yon paj kap baw pèmision pou w rantre ap parèt. Ekri imel adrès konplè elèv ou ki se [56#@stlucieschools.org](mailto:56#@stlucieschools.org) epi peze sou **“next”**.

Nan paj sa, wap remete imel adrès elèv ou ankò ak 5 nimewo **“lunch“w**.

Nan pwen sa, pwòsè pou w genyen aksè sou òdinatè ya pral kòmanse. Pandan tan enpòtan sa, konfigirasyon ak aplikasyon pral enstale sou òdinatè ya. Odinatè ya pral rekòmanse tèt li poukònt li pandan plisyè fwa.Lap pran yon ti tan, pa fèmen tèt òdinatè ya oswa dekonekte'l.

Lè òdinatè ya fini enstale tout sa pou li enstale, yap wè paj St.Lucie Public School kape mande ou pou w dakò ak tout règ yo. Peze sou **“ok”**

Ekran pou **“login”** la pral parèt. Mete nimewo elèv w ki kòmanse ak 56... nan **“username”** epi pou modpas, mete 5 nimewo **“lucnch”** nan pati ki di **“Password”** la.

Pwochen ekran ke wap wè ya pral endike ke pwòsè ya fini. Nan fon ekarn wap wè anblèm St. Lucie Public Schools la; sa se prèv ke w fini.

Pandan pwochen jou kap vini yo, li enpòtan pou w relimen/ **“re-start”** òdinatè ya chak jou. Sa ap pèmèt ke mizajou ki enpòtant fèt. Si ou genyen difikilte ak etap sa yo oswa òdinatè w pa mache, tanpri rele St. Lucie School Help Desk nan 772-429 4357